Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU GWO RISK TARIF FEDERAL YO POZE POU PWOGRAM KAPITAL MTA A

Analiz tarif MTA a idantifye yon taks 1 milya dola sou acha nouvo materyèl woulan, sa ki ekivalan ak achte plis pase 250 nouvo machin metwo

Ou ka jwenn lèt Gouvènè Hochul te voye bay Sekretè Komès Lutnick ak Reprezantan Komès Greer la disponib isit la

Prezantasyon Konsèy MTA a sou enpak tarif yo disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon nouvo rapò yo te prezante nan reyinyon konsèy administrasyon Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ki te fèt nan mwa septanm nan. Rapò a montre ogmantasyon 1 milya dola nan pri politik tarif Administrasyon Trump lan lakòz pou plan MTA genyen pou modènize materyèl woulan li yo lè li achte nouvo machin metro, vwati tren banlye ak otobis. Apre rapò sa a, Gouvènè a te ekri dirèkteman Sekretè Komès Etazini an, Howard Lutnick, ak Reprezantan Komès Etazini an, Anbasadè Jamieson Greer, pou mande egzonerasyon pou acha materyèl woulan transpò parapò ak sistèm tarif aktyèl la. MTA a ap fè yon gwo modènizasyon flòt li a, yon pwojè ki fèt nan yon echèl yo pa wè souvan, ak 23 milya dola ki deja angaje pou achte plizyè milye nouvo veyikil. Envestisman sa a pral soutni plizyè milye djòb nan Nouyòk, nan konpayi ki fabrike veyikil sa yo ansanm ak konpayi ki fabrike konpozan ki nesesè pou konstwi yo.

"Lagè komèsyal san reflechi Donald Trump la fè plis pase jis ogmante pri pou fanmi Nouyòk yo, li menase gravman kapasite gouvènman an pou reyalize gwo pwojè anbisye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman istorik Nouyòk ap fè nan sistèm transpò piblik la gen ladan l plan pou pi gwo amelyorasyon nan istwa nou nan domèn tren ak bis, men taks Trump enpoze yo kreye yon chaj finansye 1 milya dola sou transpò a epi yo mete amelyorasyon sa yo an danje. Tout rejyon nou an depann de MTA a pou deplase, epi envestisman sa a ki prevwa a pwomèt pou sipòte plizyè milye bon djòb nan Nouyòk; fòk mezi tarif san reflechi sa yo sispann kounye a."

Dènye jenerasyon machin metwo MTA a, modèl R211 yo, k ap sikile sou liy metwo ki gen lèt yo ak sou liy Staten Island Railway la, se nan Nebraska ak Yonkers yo rasanble yo. Plis pase 75 pousan nan konpozan yo te fabrike Etazini — sa ki depase anpil nivo "Buy America" (Achte Pwodui Ameriken) gouvènman federal la egzije pou acha ajans

transpò piblik yo fè. Men, tren modèn yo bezwen kèk pyès enpòte ke manifakti ameriken yo pa gen okenn altènatif lokal pou yo.

Tarif aktyèl yo sou konpozan espesyalize ki nesesè pou konstwi machin tren ak otobis yo diminye anpil valè plan envestisman MTA a pou peryòd 2025-2029 la. Olye de sa, yo ta ka itilize 1 milya dola nan depans anplis sa yo pou achte pifò nan kabin tren Metro-North yo; 150 nouvo kabin tren M9-A pou diminye foul moun nan tren Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) la; prèske 1,000 nouvo bis; oswa plis pase 250 machin metwi pou liy 1, 2, 3, 4, 5 ak 6 yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA a, Janno Lieber, te deklare, "Pandan MTA a kontinye bat rekò kantite pasaje k ap itilize sèvis li yo, envestisman nou fè nan pwochen jenerasyon tren ak machin transpò yo vin pi enpòtan pase avan. Nou bezwen nouvo tren anba tè, bis ak machin metwo pou n bay pasaje nou yo sèvis yo merite a. Li lè pou patnè nou yo nan Washington pèmèt nou sipòte travayè ameriken yo epi depanse lajan kontribyab yo yon fason responsab."

Chèf Pwogram Materyèl Woulan MTA a (MTA Rolling Stock Program), Jessie Lazarus, te deklare, "Yon envestisman nan materyèl woulan se plis pase jis yon envestisman pou yon vwayaj ki pi modèn e ki pi konfòtab. Se yon envestisman nan travayè ameriken yo. MTA a pran angajman pou l jwenn pi gwo valè posib nan pwogram kapital li a, e sa vle di pale avèk onètete epi san detou sou enpak politik ki diminye pouvwa acha Nouyòk."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Plizyè milye Nouyòkè konte sou sèvis Otorite Transpò Metwopoliten an bay chak jou. Amelyorasyon sa yo pa ka tann. Risk tarif federal ki vo 1 milya dola sa a vle di yo mete opòtinite travay an poz, epi enfrastrikti Nouyòk la pa jwenn tout benefis potansyèl plan envestisman MTA pou peryòd 2025-29 la ofri. Mwen fyè pou m apiye Gouvènè Hochul nan efò l ap fè pou asire sistèm transpò Nouyòk la avanse."

Mezi Gouvènè Hochul pran, k ap mennen peyi a, konsènan politik tarif Prezidan Trump yo

Depi lè Prezidan Trump te kòmanse aplike politik tarif li yo ki te kreye dezòd e ki te danjere, Gouvènè Hochul te toujou nan premye liy batay la pou l egzije yo remèt lajan bay Nouyòkè k ap travay di yo ak ti biznis yo. Nan debi ane sa a, Gouvènè a te voye yon lèt pou mande Depatman Trezò Etazini (U.S. Department of Treasury) pou l ranbouse imedyatman 13.5 milya dola nan peman tarif bay Nouyòkè yo; anplis de sa, li te òganize reyinyon ak lidè biznis lokal yo atravè eta a pou mete aksan sou enpak tarif sa yo genyen sou biznis yo. Nan mwa out, Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral Nouyòk James ak yon kowalisyon lòt eta te pote yon pwosè pou fè kanpe tarif ilegal yo te enpoze dapre Lwa sou Komès (Trade Act) la. Nan mwa fevriye a, Gouvènè a te patisipe nan yon desizyon enpòtan Lakou Siprèm Etazini te pran pou entèdi tarif administrasyon Trump la te enpoze dapre Lwa sou Pouvwa Ekonomik (Economic Powers Act, IEEPA) la.

Nan kad bidjè yo te adopte pou ane fiskal 2027 la, Gouvènè Hochul te lanse yon pwogram 30 milyon dola pou soulaje chay tarif pou pwodiktè agrikòl nan eta a, yon fason pou ede moun ki depann anpil sou dinamik mache entènasyonal yo. Pwogram soulajman tarif Gouvènè a ap bay peman dirèk yon minimòm 1,000 dola ak yon maksimòm 25,000 dola bay pwodiktè ki kalifye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.